

Bilten pou Pwopriyetè Byen Imobilye yo - Me 2022

Chè Pwopriyetè,

Depatman Konsèvasyon ak Devlopman Lojman an (Department of Housing Preservation and Development, HPD) bay nouvell detanzantan sou nouvo lejislasyon ak enfòmasyon sou materyèl ak resous ki disponib pou pwopriyetè rezidansyèl yo pou ede yo konfòme yo ak Antretyen Kòd Lojman Vil New York la, ak Lwa abitasyon Eta New York la sou Abitasyon Miltip ak lòt kòd vil ki enpòtan. Vizite sit [entènèt HPD](#) a pou ou ka li bilten sa a (ak ansyen bilten yo) nan lòt lang.

Piblikasyon sa a ap fèt pou enfòmasyon sèlman epi li pa fèt pou konsèy jiridik. Enfòmasyon sa yo pa yon deskripsyon konplè oswa yon deskripsyon final sou tout responsabiltè pwopriyetè kay ak lokatè ki an rapò ak lalwa ak règ ki konsène lojman nan vil New York la.

Anrejistreman Pwopriyete

Lalwa egzije pwopriyetè edifis rezidansyèl yo pou anrejistre chak ane nan HPD. Lòt sik anrejistreman pwopriyete ta dwe kòmanse 1e jen 2022 epi fini 31 dawou 2022. Yo egzije pou anrejistre edifis yo si rezidans lan se yon lojman miltip (3 inite rezidansyèl osinon plis), menm si se mèt pwopriyete a ki ap viv ladan li, oswa yon lojman prive (1-2 inite rezidansyèl) kote ni mèt li ni fanmi pwòch li pa rete la. Chak fwa gen chanjman sou non pwopriyetè an oswa chak fwa enfòmasyon anrejistreman valab yo chanje yo dwe depoze papyè anrejistreman yo (pa egzanp, nouvo ajan jesyon oswa jesyonè plas la). HPD itilize kowòdone ou te bay nan enskripsyon yo pou rantre an kontak ak ou pou tout avètisman ofisyèl yo, voye enfòmasyon jeneral yo si ta gen yon ijans nan pwopriyete an.

Ou ap resevwa yon imèl nan men HPD menm kote nouvo fòmilè anrejistreman yo disponib. Menm kote a ou kapab ale anliy sou Sistèm Anrejistreman Pwopriyete Anliy nou an, mete tout enfòmasyon ki merite pou fè chanjman ladan yo ajou, peye Depatman Finans (Department of Finance, DOF) \$13 frè yo epi enprime fòm lan imedyatman. Apre tout sa ki rete pou ou fè se siyen epi mete dat (pwopriyetè ak ajan) epi voye li nan kourye lapòs nan adrès ki sou fòm lan. Li fasil pou rantre ladan li epi li rapid pou itilize. Enskri byen bonè pou ou ka rasire ou yo trete fòm ou an atan pou pa anreta sou delè a! Ou ka voye kesyon sou enskripsyon an nan register@hpd.nyc.gov.

Vizite sit [entènèt HPD](#) a pou ou ka jwenn plis enfòmasyon.

Rezoud Pwoblèm Mwazi Jan sa Dwe Fèt

Mèt pwopriyete rezidansyèl ki gen 10 oswa plis inite gen egzijans pou anplwaye yon [Evalyatè ak yon Reparatè Mwazi Kalifye nan Depatman Travay Eta New York lan](#) (de pwofesyonèl sa yo pa dwe endepandan youn de lòt) pou yo kapab evalye ak repare pwoblèm yo a chak fwa gen plis pase 10 pye mwazi ki prezante. Pou chèche yon pwofesyonèl nan zòn pa ou an, itilize [Zouti Rechèch Pwofesyonèl Mwazi Kalifye](#) nan Depatman Travay Eta New York lan (NYS Department of Labor). Travayè lisansye yo dwe respektè seksyon 24-154 nan Kòd Administratif Vil New York lan ansanm ak Atik 32 nan Lwa Travay Eta New York.

[Lwa Rejyonal 61 ane 2018 lan](#) te etabli pi piti nòm pou reyalize evalyasyon mwazi, elimine mwazi ak repara mwazi pou edifis ki gen 10 inite lojman oswa plis oswa yon teren ki gen yon sipèfisi 25,000 pye kare oswa plis etaj ki pa gen moun. Lalwa egzije moun ki gen yon lisans pou remedyasyon mwazi pou depoze yon Fòm Avètisman Plan Travay Remedyasyon Mwazi ak Plan Remedyasyon Travay Mwazi bay Depatman Pwoteksyon Anviwònman Vil New York (NYC Department of Environmental Protection) lan. Moun ki gen yon lisans evalyasyon mwazi oblije ranpli yon Fòm Evalyasyon Apre Remedyasyon ak Sètifikasyon Apre Remedyasyon Mwazi. **Fòm sa yo disponib sou sit entènèt DEP a** (<https://www1.nyc.gov/site/dep/environment/mold-abatement.page>) epi pwofesyonèl yo dwe ranpli li anliy. Si pwofesyonèl lan gen nenpòt pwoblèm lè li ap soumèt fòm sa yo, yo dwe kontakte moldhelp@dep.nyc.gov.

Yon pwopriyetè ki ap fè travay sa yo san li pa depoze bonjan dokimantasyon ap peye ant \$800 rive \$10 000 kòm amann. Lyen pou ale sou paj depozisyon DEP a se <https://www1.nyc.gov/site/dep/environment/mold-abatement.page>.

Yo oblije pou yo bay pwopriyetè yo kopi resi depozisyon an apre li fin ranpli, epi HPD egzije pou yo depoze menm kopi dokiman sa yo ansanm ak yon Sètifikasyon Koreksyon Kategori B ak C pou vyolasyon mwazi ki soti nan edifis ki gen 10 oswa plis inite.

Pou pwopriyetè ki pa gen egzijans itilize pwofesyonèl jan sa di pi wo a, menm si dekontaminasyon anse yon ajan mwazi oubyen reprezantan pwopriyetè/pwopriyetè a ki fè l, yo mande pou gen antrènman sekirite ki fèt pou retire mwazi. Pratik sa yo gen ladan:

- Retire tout dlo ki ap dòmi epi ranje kote dlo ap koule yo ak kondisyon mwazi yo.
- Izole zòn travay yo ak yon kouvèti plastik epi kouvri bouch evakyasyon yo.
- Anpeche pwopagasyon pousyè. Itilize metòd tankou poze sele sou ouvèti yo (pa egzanp papòt yo, kanal vantilasyon yo) epi vaporize dousman zòn ki gen mwazi yo ak savon ak dlo anvan ou netwaye.
- Netwaye mwazi yo ak savon oubyen fab ak dlo. Seche kote ki netwaye yo konplètman.
- Retire epi jete materyèl ki paka netwaye jan sa dwe ye a.
- Jete tout fatra ki soti nan netwayaj la nan yon gwo sachè an plastik.
- Netwaye tout pousyè ki vizib kote netwayaj la ap fèt la ak bale ki mouye oubyen aspiratè HEPA.
- Kite kote travay yo tap fèt yo sèch epi pou yo pa wè okenn mwazi, pousyè ak debri.

Depatman Konstriksyon (Department of Buildings, DOB): Pwogram Okenn Sanksyon pou Enspeksyon Ansèy Akseswa Biznis ak Okenn Sanksyon pou Pwogram Enspeksyon Pon epi Enspeksyon Mi ki sèvi kòm Sipò

27 Avril 2022 Vil la te lanse Pwogram Okenn Sanksyon Pou Enspeksyon Ansèy Akseswa Biznis ak Okenn Sanksyon pou Pwogram Enspeksyon Pon epi Enspeksyon Mi ki sèvi kòm Sipò ki ap ede pwopriyetè ti biznis yo asire yon sekirite pou batiman yo san sanksyon finansyèl - redwi fòmalitye administratif yo epi elimine obstak evalyasyon ak resous kritik ki gen pou wè ak sekirite. Pwogram nan bay pwopriyetè ti biznis yo, pwopriyetè kay, ak lòt pwopriyete nan toule senk (5) minisipalite yo asirans konsènan kondisyon pwopriyete yo, pandan yo ap bay bonjan konsèy sou antretyen apwopriye.

Nan Pwogram Okenn Sanksyon Pou Enspeksyon Ansèy Akseswa Biznis ak Pwogram Okenn Sanksyon pou Enspeksyon Pon epi Enspeksyon Mi ki sèvi kòm Sipò a, pwopriyetè kay ak antrepriz yo kapab mande, **yon enspektè DOB fè enspeksyon vizyèl san sanksyon pou** nenpòt akseswa biznis, pon, devan kay oubyen yon miray ou pwopriyete yo a - sèlman lè yo rele 311 sòti 27 Avril pou rive 31 Me 2022 Si, Aprè yon enspeksyon, yo jwenn ke estrikti sa yo pa fyab pou yon kondisyon ki an sekirite, men reparasyon yo te fèt san pèdi tan, yo pap bay okenn sanksyon.